

Maladi SIK (Diabet)

Sa ou dwe konnen sou maladi sik

Koz maladi Sik : Sik ou Diabet se yon maladi kronik ke yon moun ka fè le pancreas li pa fabrike kantite insiline ke kò li bezwen poul byen fonksyone. Gen 2 tip de SIK ou diabet, ke yo identifye kom Diabet tip 1 e Diabet tip 2

Sik se yon maladi ke anpil moun genyen , plis ou komanse avanse nan laj granmoun chans pou fè maladi sa ogmante , se pousa li enpotan pou edike tèt ou sou maladi a ,konsa ou ka evite tout lot konplikasyon ke sik ka koze. Koz Maladi sik ou diabet la sitou depan de ki TIP de Diabet ou fè à.

Gen 2 tip de SIK ou diabet, ke yo identifye kòm Diabet tip 1 e Diabet tip 2

Diabet ou SIK TIP 1 –Presante trè souvan nan period pandan ou timoun e lè ou komanse nan laj pibète . Maladi sa ka paret a nenpòt ki moman , trè souvan si ou gen moun nan fanmi pwoch ou ki te fè maladi SIK , ou gen chans pou fè li tou .

Diabèt ou SIK TIP 2 – Generalman prezante nan period laj adilt moun fèl 10 fwa pi souvan ke diabet TIP 1 . Koz principal li nan majoritite ka yo prezante kòm yon maladi ereditè, si gen yon moun nan fanmiw ki te genyen'l ou ka genyenl tou.

Diabèt ou SIK Gesyonal –se yon diabèt ou SIK okazyonèl , ki presente pi souvan nan period grosès . pandan grosès la insiline ki nan kò ou ogmante pou asire ase enèji ke kòw bezwen , kelke fwa ogmantasyon sa pa fèt e sa koz ke ou fè Diabèt ou SIK grosès.

Sintom maladi sik (diabèt)

- Bezwen fè pipi anpil ou trò souvan (kelke fwa lè ou pipi nan kaban'n)
- Anvi mange detan zantan
- Feblès ak anpil fatig
- Goj sèch toutan
- pèdi anpil pwa (megri)
- enfeksyon souvan
- kelke fwa ou paka wè klè
- Blesi ki pa jan'n geri
- Pipi dous.

Prevansyon ou dwe pran : Pou Diabet TIP 1 pako gen oken moyen de prevansyon pou li . Men pou Diabet TIP 2 a gen plizyè mwayen de prevansyon ou ka itilize, sa lakoz plis diabet TIP 2 se lè yon moun two gwo.

Mòd de prevansyon ou ka pran pou pa fe maladi sik ou evite konplikasyon.

- Kontrole fason ou mange pou pa depase gwosè nomal ou.
- Si ou konen ke ou fè sik, pa mange ayen ki gen anpil grès tankou vian poul , koden ,kochon evite bwè twòp lèt.
- Mange anpil legime , fri ,epi bwe anpil dlo.
- Fè anpil egzèsis fisik ,pa pran oken tabak ni alkòl
- Si ou konnen deja ou fe SIK (Diabet) ou sipoze mande doktè wap swiv la konsèy sou fason ou dwe mange pou evite ke sik ou desan twò ba ou monte twò wo.
- Toujou ekzamine kò ou , nenpòt ti blesi ou wè ki ta pran tan poul geri , pale de sa ak doktèw.
- Toujou konsite dokte wap swiv a tan pou evite tout lot konplikasyon ke Sik ka kose.



